



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan. tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek
1 taon f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 " f 3,75 } roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie:
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

ISINIPOEN.

Mratikelaken wedaling arta — Wanita lan politik — Katoer sadèrèk C. Wastitilah lan sadèrèk T. R. — Katoer sadèrèk Mertagati — Blaka soeta — Ketak Wates — Diprajitna — Wadjibipoen pamoelangan ing atasipoen raos adi pèni — K. W. Kalasan — Gabroe Wlingi 31 Agustus 1929 — Djampinipoen poenapa — Ontjen sekar gambar melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

Mretikelaken wedaling arta.

Sanadjan bab makaten poenika sampoen kerep karembag, éwasamanten boten wonten awonipoen manawi koela ing ngriki njaosi sesoeloh sakedik, soepados para koelina ngasta arta saged saé lan prajogi anggènipoen nandjakaken. Awit moerih gesangipoen sadèrèk tata lan tentrem, prakawis poenika perloe sanget.

Koela boten badé maoni oetawi mantjahi dateng ingkang gadah pangonandika makaten: „Barang donja ikeo diparingaké marang manongsa, soepaja dianggo; ija dianggo seneng-senang. Angger ora dianggo nglakoni ala baé, rak loewih prajoga katimbang disimpèn, prasat dipendèng ing lemah. Apa goenané mangkono ikeo?“

Kasanggihn makaten poenika. Ananging barang poenapa kémawon sadaja rak kedah mawi takenan. Neda (mangan) poenika, wah, boten namoeng prajogi kémawon, nanging malah kedah. Dados ladjeng saka-djengipoen kémawon? Jèn kladoek poenapa boten damel soesah? Mila panganggènipoen barang sanès inggih kedah mawi oekoeran lan ener. Djaman madjeng, inggih toemoet madjeng: bab padatan, panganggé, mapanaken salira, nglenggahi dra-djad lan sasaminipoen. Déné sadaja-sadaja kedah kanalar pandjang. Gemi nastiti poenika saé; éwadéné tijang kedah ndjagi, soepados sampo-en ngantos dados koemed alijas tjetil, kados déné watak loma blaba saged dados ngebrèh, ngawoet-awoet banda tanpa tandja, samangsa loemangkah ing wates.

Lan ing sapoenika kados-poendi watesipoen? Kados-poendi saged-ipoen tijang mangertos, poenika ngebrèh poenapa boten? Sebab wonten tijang ingkang tjetoel arta sadasa roepijah nama dèrèng kraos; wonten ingkang saweg ngedalaken saroepejiah kémawon, sampo-en noendjang-noendjang. Poenapa malih oeger tijang kedah nglenggahi dra-djad.

Badé ngrantjang sadèrèngipoen, liripoen, damel oekoeran oemoem, ingkang saged toemoedjoe dateng saben tijang, poenika boten namoeng angèl, nanging boten saged. Mila oeger tijang kedah ngréka-ngréka lan nginten-inten pijambak, sapinten sagedipoen ngedalaken arta, samangsa priksa mlebetipoen (sinten kémawon soemerep pamedalipoen pijambak). Poenapa katah ingkang sampo-en gadah pétang makaten?

Tijang kedah ngrékan: jatra mlebet semanten, dados ingkang medal boten kénging langkah saking semanten. Poma sampo-en mendet oekoeranipoen tijang sanès, ingkang pamedalipoen bokmanawi tikel kalih oetawi tiga lan ingkang saged oegi boten manggali dinten wingking. Poenapa malih tijang kedah ndjagi, sampo-en ngantos alitipoen pas, agengipoen ngantos njowok. Sasaged-saged malah kedah gadah ingkang kanggé betah sanès, ingkang boten saged kasoemerepan ing sadèrèngipoen, oepami sakit.

Doemoegi ing ngriki koela saweg ngrembag, sapinten katahipoen arta ingkang medal. Lah sapoenika kados-poendi anggènipoen kedah ngedalaken, tegesipoen dipoenidamel poenapa?

Saking pamanggih koela, tijang kedah gadah kapoeroenan mireng-

RETRAITE.

In de maand September zal van Maandagavond den 23^{sten} tot Donderdagavond den 26^{sten} in het Xaverius-College te Moentilan eene retraite gegeven worden

VOOR NEDERLANDSCH - SPREKENDE JAVANEN.

Vergoeding voor verblijfkosten f 5.—
Zich aan te melden aan het Xaverius-College te Moentilan.

De Rector.

aken pirembag saé, santosa pika-djenganipoen sarta panggah kaantepanipoen.

Nandjakaken arta poenika wonten warni kalih: dateng barang ingkang perloe saéstoe lan boten patosa perloe. Ingkang kaéwokaken perloe i. p.

1. Sadaja ingkang damel saé lan nglestantoenaken kasarasaning badan. Katah tijang soepé bab poenika. Éman mboetjal jatra kanggé neda, nanging boten éman kanggé toembas barang ingkang boten wonten perloenipoen.

2. Bab ngoepakara laré. Wonten tijang sepoeh, ingkang owel ngedalaken arta kanggé mbandani anak; poeroena, inggih namoeng margi gadah pangadjeng-adjeng poen laré ing bédjeng kénginga dipoennoeti.

3. Damel saé dateng sesami. Poenika inggih klebet koewadjan ingkang kedah katindakaken.

Déné nandjakaken jatra dateng barang ingkang boten patosa perloe poenika manawi jatra waoe kanggé toembas rerenggan, ingkang sakedik pigeonanipoen: oepami sandangan. O katah tijang ingkang saged ngirit prakawis poenika, lan boten mawi rangoe-rangoe jèn ladjeng keplorot dradjadiipoen. Sebab ing djaman samangké bab poenika mila ragi kesangeten. Soemangga dipoenpang-galih saéstoe poenika. S.

LARASATI.

WANITA LAN POLITIEK.

3. *Sebab-sebabipoen ingkang mrajogékaken wontenipoen vrouwenkiesrecht.*

Sebab ingkang asring kakanggèkaken nganjang dateng vrouwenkiesrecht i. p.

a. „Tijang èstri sami déné gadah wewenang kaerèh-saé lan tijang djaler. Sarèhning wewenangipoen tijang èstri lan djaler, soepados kaerèh-saé sami, mila tijang èstri inggih kedah kakéngingaken toemoet ngrembag pangrèh.“

Kita boten ngokèri, bilih wewenang kaerèh-saé waoe tijang èstri mila gadah lan wewenang waoe sami lan wewenangipoen tijang djaler, nanging kita inggih mangertos, bilih wewenang poenika boten badé dados sebabipoen tijang èstri kawenangaken kados tijang djaler. Boten kok sadaja ingkang toemoedjoe dateng tijang djaler, kénging ladjeng kalèmaraken dateng tijang èstri. Poenapa ingkang dados wewenang-ing tijang djaler sadaja ladjeng kénging dados sebab? Mangké ladjeng kados-poendi poenika?

Déné wewenang waoe namoeng kanggé ngènetaken dateng pangrèh, soepados sampo-en ngantos pilih sih anggènipoen ngerèhaken, balik ngrembaga dateng sadajanipoen. Lan makaten poenika saged kelampahan, senadjan ta tijang èstri boten toemoet ngrembag.

b. Sawenèhing tijang tjarijos makaten: „wewenang milih poenika wewenang kodrat, dados sadaja

tijang djaler èstri kedah kakéngingaken.“

Inggang koemawani witjanten makaten poenika, ingkang ngoemini dedasar lepat, dedasar klintoe; sebab manoeet poenika, gesang sesarengan (maatschappij) ladjeng adedasar tijang idjèn-idjèn, liripoen: wontenipoen saking kaljengipoen tijang katah. Ingkang njepeng pangrèh boten nama gegentos ingkang Maha-koewasa, nanging namoeng tijang limrah ambtenaar blaka sesoelihipoen tijang katah. Panginten poenika genah lepat. Staat poenika pranatan manoeet kodrat, kakersakaken ingkang Maha-koewasa, dados ingkang njepeng pangrèh sesoelihipoen Goesti Allah. Sadaja pangoewaos saking Pandjenenganipoen.

Wewenang milih dados sanès wewenang kodrat (naturrecht), nanging wewenang lampiran (attributief) kaparingan dateng tijang déning staat, soepados kabetahan oemoem saged toemindak kados mestinipoen.

c. Saeopami kiesrecht meksa sanès wewenang kodrat, nanging wewenang lampiran „pradja kedah maringaken dateng sadaja tijang, dados inggih dateng tijang èstri, djer sadaja tijang poenika sami.“

Ing Sw. Tm. No. 29 sampo-en koela atoerakeri, bilih wewenang waoe boten kedah kaparingan dateng tijang idjèn-idjèn, anggènipoen dados tijang (als zoodanig) nanging dateng gegelitaning maatschappij (familie, huisgezin). Lan sarèhning ingkang dados gegentosipoen rajat kalijan ndjawi poenika tijang djaler, mila kiesrecht ingkang saroejdjoek lan dados wontenipoen pradja, ingkang nggadahi wewenang inggih namoeng tijang djaler.

Déné menggah sebab, bilih tijang poenika sadaja sami, inggih sampo-en naté kamot ing Sw. Tm. sami namoeng menggah kamanoengsanipoen, béda menggah kawontenanipoen ngrikoe (in concreto), bab pawakan, sipat-sipating djiwara, kaantapan, kasagedan sasaminipoen. (Sinten boten priksa bab poenika?)

d. Manoeet oengeling babad-babad, katah radja poetri ingkang boten koetjiwa anggènipoen ngasta pangrèh, kadosta: Issabella lan Blanca ing Castilië; Elisabeth ing tanah Inggris; Catharina ing Roeslan; Maria Theresia ing Oostenrijk lan taksih katah sanèsipoen.

Bédjeng kateroesaken.

A. Swasti Astoetilah.

KATOER SAD. C. WASTITILAH LAN SAD. T. R.

Dados sad. T. R. inggih dèrèng djembar kawroehipoen. Lan sadèrèk-sadèrèk ingkang sami damel critiekan-critiekan dateng koela lan oegi sadèrèk C. Wastitilah inggih klintoe sanget jèn mastani, wanita poenika mokal lan boten badé saged kelampah oetawi bar-bar pisan boten badé saged sami sedjadjar kalijan prija.

Sarèh ta sarèh Mevr: Wastitilah, sadèrèk T.R. l.s.s. sampo-en ladjeng kesesa-sesa anggèn pandjenengan

ngina bangsa wanita. Pandjenengan rak inggih bangsa koela ta jèn katitik tapak asma pandjenengan asma èstri C. Wastitilah. Ééééé bangsané wanita déwé djaré di ina, lha poenika rak saminipoen ngina awaké déwé, ora pratjaja karo awaké déwé. Ingkang pantes gadah tetembongan kados makaten waoe rak wanita ingkang boten ngertos pabéngkong, lan boten ngertos éwahing djaman; ingkang dipoenngertosi namoeng pawdòon kémawon.

Wanita Indonesia djaman modern boten poeroen jèn dipoenwastani wong wadon gonné pawon. sasat dipadakaké grabah né²⁾.

Poenapa pandjenengan sadaja taksih kekah jèn wanita boten saged sedjadjar lan prija. Tjebi koela atoeri maos tetembongan ing ngandap poenika.

„Mannen en vrouwen hebken ten opzichte van de „Wereldelijke-staat“ gelijke rechten, naar ten opzichte aan de „Kerkelijke-staat“ is er een grens.“

Tempoengipoen Djawi:
Tijang djaler lan tijang èstri gadah wewenang sami jèn manoeet „Wereldelijke-staat“, nanging jèn manoeet Kerkelijke-staat wonten watesipoen.

Kanggé oepami kémawon ing Europa djaman roemijin malah ngantos doemoegi sapriki taksih wonten, tijang èstri dados Ratoe.

Ing Engeland, Amerika l.s.s. tijang èstri boten kirang ingkang sami dados Burgemeester toewin lid parlement. Boten oesah tebih-tebih ing Indonesia ngriki kémawon ing djaman roemijin wonten Ratoe èstri. Poenapa para sadèrèk sampo-en naté mireng babadipoen Praboe-Kenja, inggih poenika Ratoe èstri ing Madjapait. Poenika waoe Ratoe poetri ing Indonesia djaman roemijin lan oegi taksih katah toenggilipoen.

Sapoenika pandjenengan sadaja sampo-en priksa pijampak jèn wanita poenika manoeet Wereldelijke-staat temtoe sami lan sadjadjar kalijan prija. Déné manoeet Kerkelijke-staat wonten watesipen, tegesipoen: boten kedah sami inggih poenika prakawis kasoekman kadosta: tijang èstri temtoe boten saged dados imam. Déné tegesipoen wonten watesipoen tijang èstri oegi kénging lan saged noeloengi padamelanipoen imam.

Prakawis kodrat poenika boten kénging kanggé angga-joe prakawis gesang sasami-sami lan sedjadjar. Badéja Djéndral belang pisan boten saged Oepaminipoen; Tijang èstri kepéngin sami kados tijang djaler gadah rawis (brengos) temtoe boten badé kalampah. Tijang djaler kepéngin sami kalijan tijang èstri soepados saged ngalahiraken baji, bok inggih ngantos doemoegi bédjeng kijamat ta boten badé kelampah.

Dados para sadèrèk pandjenengan sadaja sapoenika sampo-en ngertos pijambak lan ngakeni, manawi wanita poenika manoeet „Wereldelijke-staat“ boten kénging boten temtoe sami.

Ing wasana koela tjekak samanten kémawon kados sampo-en terang sanget, déné jèn taksih wonten sadèrèk ingkang kirang marem dateng katerangan-keterangan toewin toeladan-toeladan ing nginggil waoe, noen koela atoeri paring pitakènan-pitakènan malih; koela taksih sagah ngladosi.

Taklimipoen wanita Indonesia!!!!
Mevr: C. Soetjilah Atmosoedarmo. N.B.
Sadèrèk T.R. koela atoeri maos wangsoelan koela ing nginggil poenika; lan prajoginipoen dipoenwangsals-wangsoeli, soepa-

dos saged nimbang-nimbang ingkang leres, ladjeng sampo-en ladjeng gadah gagasan jèn „wong lanang ki mesti loewih doewer dladjadé tinimbang wanita l.s.p.“ Poenika lepat.

Sampo-en ladjeng kekah kémawon. Koela atoeri mirsani tandangipoen „Perserékatan“ P(erempoean) I(ndonesia), ingkang sapoenika saweg sami toemandang neda wangsoelipoen hak-hakipoen wanita dateng prija. Lan malih bangsa prija boten kénging koewatos jèn adrih bokbilih hak-hak prija ngantos dipoen rebat. O boten. Sampo-en ladjeng sak menir manah pandjenenganipoen. Ah ngis-inisni prijai kakoeng djaré kongsi kalah karo wanita.

Sampo-en tjekap sadèrèk T.R; dados pandjenengan sampo-en ngantos kagoangan manah ingkang koemloengkoeng, jèn kewelèh ndjoer

Rak inggih ta???

Taklim Joenta
Mevr: C. S. Atma.

KOEROE SÉTRA. KATOER SADÈRÈK MERTAGATI.

Noewoen, serat pandjenengan katoer sadèrèk P. S. Atmosoedarmo ingkang kamot Sw. Tm. nalika tanggal 30 Agustus, asoeroas ngarah saé. Ingkang poenika koela mateok sanget. Namong oepami pangarah pandjenengan dateng kasaénan poenika koela tambahi atoer ingkang moeroegaken langkoeng saé temtoenipoen rak inggih kapareng; boten andadosaken rengoe pandjenengan.

Mangga poenika atoer koela.
Pangadjab pandjenengan soepados mawi „pamboeka lan panoetoep sembahjangan ngaping gamsal Onze Vader lan Wees gegroet!“ poenika saking roemaos koela njogok mripat, toer mangi sanget. Kawoeningana, nalika Congres P.P.K.D. ingkang kapengker sadèrèk Atmosoedarmo sampo-en amedar sabda, angedalaken oneging manah; inggih poenika ngendika manawi pijambakipoen ke-rep mireng kabar slenting-slenting manawi sawenèh golongan mastani bilih sadèrèk Banjoemas poenika sampo-en adrih kalijan grédja. Ing wakdal samanten sadaja mangsoeli manawi poenika namoeng kabar angin kémawon. Ing wasana pandjenengan ladjeng ngoengkataken kremi paribasipoen. Nadijan pangandika pandjenengan boten tjek gemol, namong poenika rak sabrèbètan nge-moe ngemod kabar slenting-slenting kasebat nginggil.

Oepami saking pamanggih pandjenengan preloe manawi sadèrèk P. S. Atmosoedarmo kedah angsal pepadang ingkang sadjatos saking ingkang Maha Koewaos, prajoginipoen anggèn pandjenengan preek sampo-en ladjeng medal serat kabar; koela atoeri kintoen serat persoanlijk kémawon. Langkoeng oetami malih manawi pandjenengan pijambak ingkang njembahjangan ingkang banter, boten namoeng gamsal Onze Vader, lan Wees gegroet, ananging sakatok pandjenengan.

Makaten panimbang koela langkoeng kasil.
Taklim koela ngarah saé sadajanipoen.

RICHAR.

BLAKA SOETA.

Seratipoen sdr. Richar ingkang toemoedjoe dateng badan koela, poenika inggih saé; nanging koela badé matoer sawontenipoen ingkang dados gémbolan koela.

Koela kadakwa „ngoengkataken kremi, paribasan senadjan boten tjek gemol, nanging poenika sabrèbètan ngemoe ngemot kabar slenting-slenting kados kasebat nginggil.“

Prakawis sembahjangan kawastanan ngoengkataken kremi, oetawi njogok mripat, poenika manawi koela mestani boten djodo anggènipoen ngoepamékaken; awit kremi poenika sanépanipoen barang awon toer mitoenani manggèning padaran; mangka toedjoenipoen sembahjangan poenika ngarah Goesti Allah; poenapa poenika awon? poenapa poenika boten migoenani kanggénging soekma lan badan? Temboeng njogok mripat poenika anélakaken manawi kraos sakit, boten narimah, dados manawi sdr. P. S. Atmoso-

²⁾ wanita dipoenamékaken grabah poenika klintoe sanget. Nanging wanita kolot oetawi modern poenika wadjibipoen mranata kawontenaning grija lan nggoela-wentah anak. Wanita saged dados Burgermeester. Djéndral perang lsp. nanging poenika toemindakipoen kedah namoeng jèn keslepek. Kodratipoen prija: mèmèng ing boedi, déné wanita mèmèng ing katresnan. Boten saged kelampah wanita ingkang mbedeli tijang (pidjer klenger baé), sarta prija kados verpleegsters, amargi welasanipoen kawon kalijan wanita. Red.

darmo jektos sembahjang kalijan oermat toewin telatos kanti troes ing manah, poenika sdr. Richar roemaos getoen sanget, déné kantjanipoen saged bekeerd malih, ngroemaosi badé pijambakan boten wonten réntjanganpoen. . . . Njaosi oelar - oelar sakedik, mitoeroet woetjalaripoen Rama van Driessche, bab pangkat oepami: dados kemas, handelaar, klerk, goeroe, boscharchitect, poenika waoe namoeng sarana soepados manoenngs saged angsal jatra, minangka kanggé anglestarekaken gesangipoen. Déné poking pok jatra poenika namoeng ngelès sili oetawi kakeos. Tjebi pandjengangan galih pijambak ingkang pandjang, mangké wekasanipoen rak doemoegi ing ngrikoe; manawi dèrèng ketoek ngrikoe, noen inggih dèrèng pandjang jektos anggènipoen menggali. Menawi pangandikanipoen Rama waoe klintoe, soemangga pandjengangan débat. Dados sembahjang poenika pedamelan ingkang ngangsalaken. . . . Rama nambahi pangandika mekaten: „Sétan ikoe sing diarah moeng manoenngs gelema ngabdi marang dèwèkné.” tegesipoen nebihi Goesti Allah, inggih poenika boten ngarah G.A. ing ngriki sembahjang moesti kalirwakaken. Manoet ingkang koela pireng, Loeter anggènipoen moertat ladjeng mengsah Pasamoewan Soetji namoeng margi saking anglirwakaken sembahjang; mangka Loeter poenika sadèrèngipoen moertat kagolong imam ingkang soetji lan mondjo kasagedanipoen. Éwasamanten meksa kénging apoising sétan.

Koela atoeri menggali sdr. P. S. Atmosoedarmo oetawi badan koela, oetawi salira pandjengangan manawi anglirwakaken sembahjang, gèk badé dados poenapa? Kesagedan koela, kesagedan pandjengangan, kesagedanipoen sdr. P. S. A. namoeng sapinten? Kasoetjian koela, kasoetjian pandjengangan, kasoetjianipoen sdr. P. S. A. (langkoeng - langkoeng sdr. ingkang tebih kalijan pangèn kita) namoeng sapinten manawi kambang kalijan poen Loeter roemijin. Dados sembahjang poenika pedamel nomer setoenggal, kanggé ngawonaken sétan toewin hawa nepsoe. Inggih taksih wonten sraniipoen malih, pepakipoen makaten, sranané ngarah G.A. (ngarah kasoetjian) poenika: sembahjang, sowan gridja, ndèrèk mis, njadong piwoelang (godsdienst) lan tampi sakramèn - sakramèn; poenika ingkang perloe wadjab tjinatet ing sanoebari, sampoen ngantos kasoepèn. Teksih satoenggal ingkang dèrèng koela atoeraken, nanging poenika boten kaanggep perloe sanget.

Pènget, koela boten amestani babar pisan, manawi pandjengangan bodo ing bab ingkang kasebat nginggil, sampoen ngantos klèntoe tampi. Namoeng wadjabipoen tijang Katholik poenika kala-kala amirengaken woelangan ingkang mandes, liripoen ingkang mranani badanipoen pijambak, woensana saged ngipataken sakatahing panggoda.

Sampoen ngendelaken, doepèh doewé boekoe sembahjang akèh, boekoe katholik ija ora koerang, oetawi, tesbèh ija anggimbol, seka-poelir ija nganggo!

Sapoenika kagoengan boekoe sembahjang katah, waosan katholik katah, djeboel ingkang kawaos pedintenan roman, ingkang.... karang - karanganipoen pengandjoer cominis, mirengaken débat - débat ingkang tjengkah kalijan toedjoening Pasamoewan Soetji lsp.; poenika dangoening dangoe, wohipoen inggih awon, awit sakoela sapandjengangan sering boten saged amestani „ing poendi doenoenging lepatipoen poen redeneering waoe.”

Prakawis koela kadakwa tjek gemol, poenika nijat koela boten mekaten.

Menggah ingkang koela peleng mekaten, tjéntanganipoen Rama Redacteur, i.p. ingkang koela aosi sanget. Sebapiipoen poenapa?

O sadèrèk, boten soesah koela djèrèng. Pandjengangan sampoen saged mastani pijambak.

Wawasanipoen langkep tjespeng katimbang wawasan koela tijang limrah. Pramila pangandika ingkang kalahiraken medal tjéntangan toemrap wangsoelanipoen sdr. P. S. Atmosoedarmo, poenika pantes dipoenadjèni, pantes dipoenwaos wongsal - wangsoel, saéngga sak gambalangipoen penggalih.

Sarèhning tjéntangan waoe isinipoen wigatos, pramila langkoeng oetami pamaosipoen karoemijinan sembahjang 5 Onze Vader lan Weesgegroet.

Wondéné pandjengangan mrajo-gèkaken kintoen serat persoonlijk, poenika manawi koela kosok - wangsoel. Manawi persoonlijk, raosipoen malah kados moeroeb - moeroeba, ing batos ngadjak débat oemoem, soepados dipoenseksèni tijang katah, bilih „akoe iki bener ora loepoet babar pisan.”

Pantjenipoen manawi koela wa-

djab manoet pamrajoginipoen Rama Redacteur, awit pandjengangan priksa pijambak oenggoeling pangkatipoen Rama Redacteur, oegi djoemeneng Pangèn kita ing Swara-Tama. Sdr. Richar mewahi malih „langkoeng oetami dipoensembahjangaken ingkang banter ngantos sakatokipoen (ingkang njembahjangaken koela lo, kersa pandjengangan; dados pandjengangan boten kersa). Koela atoeri priksa, kita katoelik poenika kedah anggadhahi watek „zelfheiliging lan naastenheiliging.” (Mariacongregatie - boek). Prakawis njembahjangaken sdr. P. S. A. sampoen koela lampahi, kanggé pandjengangan oegi sampoen. Mekaten poenika waoe ingkang priksa namoeng G. Jésoes pijambak.

Rèhné saged koela namoeng ndèrèk mis lan tampi panoenggil soetji, inggih poenika ingkang koela Manawi koela tjekap kados pandjengangan, boten sajang njaosi jatra kanggé njoewoen mis, soepados

Nanging kawoeningana sdr. Richar, dipoena sembahjangaken ngantos pésoek, manawi ingkang dipoentoe-djoer waoe boten toemoet zelfbewerken, i. p. toemoet njenjoewoen, inggih boten badé wonten kasilipoen, awit badanipoen roemaos boten betah, pramila Goesti inggih boten badé maringi pepadang.

Manawi preek koela dèrèng maramaken, kénging dipoenladjengaken.

Njoewoen pangapoenten Mertogatie.

KETAK WATES.

Bratawali, kenini saged mantoenaken, roedjak seger moeroegaken saking, kapilih ingkang poendi.

Tijang saged nanding militir, mbébak-bédakaken mastani awon saé, poenika, margi sampoen naté ngalami oetawi soemerep. Jèn tijang pitjak sagedipoen srana nggrajangi.

Tijang lepat jèn dinoemoek lepatipoen ingkang limrah (katah-katah) inggih ndjengkat. Poen dengklung, jèn dipoenoendang. Dengklung! Dengklung! inggih badé nempiling manawi.

Poen tjoebloek jèn dipoenoedjari: tjoebloek, katah-katahipoen (adat kalimrahanipoen) mesti mangsoeli: èh, wong kije? olèhé njoebloek-njoebloekaké, ora djamak temen! Terkadang oepami wani badé ngabroek.

Ing karanganipoen Ki Gedé wonten oekara ingkang moengel: sampoen naté koela soemerepi, poenika boten namoeng soemerep - soemerep kémawon (sakeplasan) nanging kanti ninitèni. Prakawis sabar boten sabar poenika wonten raosipoen sadèrèk Noto sekar pijampak.

Saketjoh - ketjohipoen alijas misoeh - misoehi inggih wonten raos nampéjan pijambak.

Mila karanganipoen Ki Gedé ragi tjekak, wosipoen, ingkang saé boten toemoet karembag, kasisihaken. Barang brihijan oepaminipoen, sampoen dipoen-gosok kintjlong-kintjlong gilap tjoeblorot poenapa perloe dipoen-gosok malih. Boten nijat babar pisan ngodjok - odjoki, ngadjak oedoe oetawi papen.

Jèn boten kapareng poenika, noen inggih Hooggeleerde kémawon.

Poenapa boten ngertos dateng temboeng: timbangan?

Sinten ingkang sampoen krasoekan mateng dateng nges lan wosing temboeng, saged maos kanti goemoedjeng pijambak, boten gampil kadoek abéla tampi, seling serep. Nanging boten tjekakakan lol!

Ijah, wong sing ala atiné kok ming sing bisa (pinter) tjara (basa) Wlandi baé. Noen inggih genah boten mesti, ingrikoe boten ngojok. (bisa bédak kalijan pinter sampoen klintoe).

Amrih boten mawi intilan, sampoen samanten kémawon.

Isinipoen tjekak-tjekak ing Sw. Tm. no. 28, tg. 23 - 8 - '29, katja 3 klowongan 2 larikan tiga, (zie NANGGAPI SABDA) Ki Gedé ngadjak loeroe slamet

Temboeng: Ngodjok-odjoki, mindoe, poenika bédak-bédak tegesipoen.

K. Gedé. ksb. nginggil.

DIPOENPRAJITNA!

Sapoenika golongan Moeslim ing Ngajodja ngedalaken kamempanganipoen, inggih poenika ngwontenaken serat kabar woelanan „Correspondentieblad”. Ing serat ngrikoe katah pangawon - awonipoen dateng golongan Kristen kadosta: Jèn Goesti Jésoes poenika dédé Allah. Jèn anggènipoen dipoensoeboet Poetraining Allah poenika namoeng margi katjelak ing Allah. Jèn ontbevekte ontvangingis poenika namoeng moerih ngandela dateng ka-Allahanoen lsp. Goemoeng koela! goemoen!

Mangsa „onbevekte ontvangingis” teka dipoentegesi „Mijos saking Kenja Dèwi Marjah.” Ning poenika anggènipoen metik saking „dignitarissen van de Kerk.” Panginten koela Redaktoeripoen Correspondentieblad inggih boten ngertos tegesipoen „onbevekte ontvangingis”. Inggih boten dados poenapa, djer dédé tijang Katoelik.

Para maos dadosipoen koela atoeri ngatos-atos!

Wontena poenapa-poenapa, pandjengangan tetepa ing kapitadosan pandjengangan dateng ka-Allahipoen Sang Kristoes. Kita nglampahi agami Katoelik poenika mawi waton: 1e jèn Indjil poenika babad, dédé do-ngoengan, dados poenapa ingkang katjarijos ing ngrikoe poenika njata kelampahan. 2e Manoet Indjil, Goesti Jésoes ngaken Allah sarta paring tanda sarana sampoen séda, ing tjang dintenipoen woengoe malih. 3e Goesti Jésoes jasa Pasamoewan (Kerk) mawi kaparingan ka-amogan (onfeilbaarheid).

Kita kedah saged ambédakaken „babad” kalijan „dongèng”. Napoleón dipoentoebtal dateng Sint Helena poenika babad. Gatoetkatja maboer poenika dongèng. Tjekak, bangsa padalangan poenika namoeng dongèng. (Tjebi jèn boten pitados, koe-laatoeri njoewoen priksa tijang ahli kawroeh Dr. R. Ng. Poerbatjaraka).

Jèn badé ngertos katranganipoen manawi Indjil poenika babad, koela atoeri maos boekoenoen toewan Dekkers oetawi Professor de Groot (tjara walandi), oetawi boekoenoen Professor d'Alès (tjara Prasan) oetawi boekoenoen Professor van Noort (tjara Latin); oetawi boekoenoen Professor van Noort: „de christus”.

Manoet Indjil (babad, dédé do-ngoengan), Goesti Jésoes ngaken Poe-

VAN LITH-STICHTING.

?

Poenapa pandjengangan sampoen ngisèni

„Serat kasagahan”

dados

warganing V. L. S.

?

Pangrèh V. L. S.

p/a. Bijz. H. I. S.

MAGELANG.

traning Allah Poenika boten ateges „katjedak ing Allah”. Tijang maèwoe-èwoe ingkang soetji poenika inggih katjedak ing Allah, kénging ngaken poetraining Allah, (koela pijambak inggih ngaken poetraining Allah), nanging bédak kalijan Goeti Jésoes. Tijang Jaedi ngertos jèn temboeng „Poetraining Allah” ing ngrikoe boten bédak kalijan „Allah”, mila Goesti dipoensédani (manoet kamanoengsanipoen). Nanging sarèhné njata Poetraining Allah, mila saged nedahaken beslitipoen (kados prijantoen ingkang ngaken oepami Regent), inggih poenika sampoen séda, ladjeng woengoe malih. Séda saèstoe, dados boten namoeng klenger. Mentas dipoensapoe, dipoenpentang, dipoendjodjoh ing waos, dipoenbalsem, dipoenoelisi, dipoensarekaken, namoeng klenger. poenika mokal.

Nabi Moesa jasa pangéram-éram, nanging boten ngaken Poetraining Allah, amargi pantjèn dédé Allah. Goesti Jésoes oegi jasa pangéram-éram, ngaken Allah, dados inggih njata Allah. Jèn dédé Allah, tentoe boten angsal pitoloenganipoen G. Allah.

Poenika wewatonipoen tijang agami Katoelik. Agami Islam inggih pantjenipoen kedah makaten. Tandaniipoen Oetoesaning Allah poenika: saged damel pangéram - éram. Koela sampoen maos ing serat „Ménak” bab pangéram-éramipoen Panoetaning sadèrèk Islam, kadosta: ngemoeti dridji medal powanipoen, saweg kalih taoen sampoen saged moelang agami, remboelan (woelan) dipoenawé mlebet ing lengenan, mékrad Swarga sap itoe, wonten ngrikoe dipoentawèni powan kalijan anggoer lsp. Koela njoewoen pirs, poenika „babad” poenapa „dongèng”? Awit koela sampoen maos boekoenoen Prof. Grimm lan Prof. Dr. Seitz, ingkang kados makaten poenika boten wonten. Tijang Djawi padoesoenan boten saged ambédakaken „babad” kalijan „dongèng”. Wajang (ringgit) poenika roemaosipoen wonten saèstoe Werkoedara gawé kali Srajoe ing Banjoemas! Terkadang

* Pinoerba tanpa dosa asal. Red.

Manawi tijang sakit, mangka badé neda saras, poenika kedah pados djampi ingkang setidjap, soepados sampoen ngaping kalih. Déné sagedipoen manggih djampi makaten poenika, kedah ngertos sesakitipoen roemijin.

Ing Dèli sapoenika wonten lelampahan ingkang dados pangrembag dèdreg sanget, kawontenan boten saé, poenika koela oepamèkaken sesakit. Poenapa ingkang moeroegaken? Poenale sanctie? Poenika sa- toenggiling pranatan, ingkang netepaken, jèn koeli kontrak, samangsa tjidra, boten noehoni pradjangdjian- mangka pradjangdjian katah sanget, ingkang prasasat nlikoeng lan njrim- poeng poen koeli kontrak waoe— kénging oekoeman saking paréntah. Dados manawi wonten koeli poeroen minggat badé tanpa damel, awit temtoe badé kajoek poelisi, sasampoenipoen katjepeng badé kabekta mrikoe malih.

Lha ingkang makaten poenika damel sakétjanipoen toewan onder- neming, boten soesah koewatos manawi kapitoenèn. Toer tindakipoen ladjeng saporoenipoen pijambak kémawon, boten roemaksa dateng koeli, nganggep poenika namoeng mesin blaka, pangrahitanoen: „mangsa loengaa.” La ingkang kadamel makaten poenika boten poeroen. Ing wiwitan badé toemandang bok- manawi rangoe - rangoe, ananging dangoe - dangoe? Katah ketatalani- poen. Amrih itjaling kawontenan makaten poenika, kados-poendi?

Boten kirang sarana ingkang sampoen kapigoenakaken. Oepami njabèkaken gesangipoen koeli — sebab doemoegi sapoenika koeli waoe pondokanipoen kirang njenengaken, amargi namoeng woedjoed los kémawon, grija kagandèng - gandèng, prasasat wonten ing barakan—poe-

dongèng kalijan babad dipoenwor: Praboe Ngamarta mbekta kalima sada kepetoek Soenan Lèpèn. Ladjeng kalima sada dipoentegesi „kalimah sadadat kekalih”.

Mila manawi wonten danganing panggalih, Redaktoer Corresponden- tieblad koela atoeri damel babad- ipoen Panoetan Pandjengangan, kedah wewaton kawroeh (wetenschap- pelijk); Prajoginipoen tjara Djawi (Mladjeng), moerih gampil dipoen- waos ing tijang katah. Dados oepami koela nglampahana agami Is- lam, wontena ingkang koela anggé waton.

„Jèn Kober.”

MOEDA PEROEHITA.

Wadjabipoen pamoelangan inga- tasipoen raos adi pèni.

Para maos kados boten kekilapan, bilih nalika koela sadaja taksih sami sinaoe ngèlmoee goeroe (ing N. S. ing K. S.) asring kadangoe ing ki goeroe, apa perloené oetawa goeané ngèlmoee goeroe. Ing ngrikoe manawi boten lepat wonten kawan prakawis wangsoelanipoen. Ngoedi dateng raos adi pèni (aestitische opvoeding) dawah nomer telas-telas; poenika kadjengipoen boten kok prakawis ingkang boten patos perloe. Djalaran jèn dipoen- lebetaken, pangraos poenika klebet perloe sanget.

Nalika taksih dados moerid, koela kerep kadangoe ing toewan direc- teur: „Gambar iki roemangsamoee keprijè?” Ing ngrikoe koela titosi kémawon, wangsoelan koela awis sanget tjotjogipoen kalijan pamang- gihipoen toewan directeur, ingkang kerep malah kosok - wangsoel. Inggih koela wastani awon, poenika djeboel kunst (kagoenan), ingkang koela wastani saé, djeboel sanès kagoenan oetawi kunst. Inggih makaten poe- nika mratandani bilih dèrèng gadah, (gadaha inggih saweg sakedik san- get) raos adi pèni.

Ingriki ingkang badé koela rem- bag, kados-poendi sraniipoen, moerih para moerid (ing pamoelangan andap) kadoenoengan raos adi pèni. Ladjengipoen, manawi poen moerid sakedik - sakedik sampoen gadah, kados-poendi anggènipoen ngoepa- kara moerih saged saja mindak- mindaka lan soeboera toewoehipoen. Sraniipoen (middelen) wonten war- ni kalih:

A. Negatief.

Srana negatief doenoengipoen wonten ing njingkiraken oetawi ne- bihaken samoebarang ingkang saged mitoenani dateng raos adi pèning moerid. (Kaanggep, bilih, moerid, boten kétag sakedik, sampoen gadah raos poenika). Déné pakarjan- ipoen goeroe ing salebetipoen nin- dakaken srana negatief poenika, mapanakan moerid ing panggènan ingkang kosok - wangsoel kalijan ka-

napa boten badé soeda kawontenan ingkang kirang saé poenika?

Oeger tijang sampoen kinodrat wenang anggadhahi barang darbè; semanten oegi koeli ing Dèli, dados dèrèng tjekap manawi namoeng nama dipoen-gadoehi kémawou; Koeli badé djendjem lan ajem manawi njawang gadahanipoen pijambak awoedjoed grija, pakawisan, latar, petètan lan sesaminipoen. Koeli badé kraos (krasan) manggèn ing ngrikoe.

Makaten poenika roemijin kados sampoen naté dipoentindakaken; ananging boten saged lestantoen, ladjeng dipoendjabèl malih. Sebabi- ipoen poenapa? Poenapa koeli ing- kang réwèl? boten; nanging ngrika. Grija sampoen dipoensoekakaken, teka boten angsal dipoenrengga- rengga sakadjengipoen pijambak moerih saènipoen; badé damel tjant- èlan rasoekan kémawon ndadak lapoer, badé nggantos gendèng pe- tjah satoenggal kémawon kedah re- pot, la koeli djèngkèl; poenika rak dioeloengaké endasé digèndoli boen- toeté. Oepami dipoensekadjeng ka- dosdéné wonten ing Djawi temtoe langkoeng loemajan toemindakipoen. Sareng sapoenika prasasat boten wonten wana tirah; sadaja kasoe- kakaken ondernemning, boten wonten papan kanggé ngedegaken grija.

Késahipoen koeli saking tanah Djawi sampoen ngantos peksan, nama djatan makaten. Ing poendi- poendi kedah dipoendjagi sampoen ngantos koeli dipoeniming-iming sarana barang ingkang boten won- ten njatanipoen. Saking ngriki gadah pangadjeng-adjeng nglempakaken banda, wonten ngriki namoeng manggih bebaja. Tjoewaning manah noewoehaken tékad boten saé.

Djaé Wana ing Girisasra.

wontenaning grija. (ratjak boten resik). Jèn kados makaten, srana negatief waoe toemrap sawenèhing moerid ladjeng dados sarana: po- sities, djalaran

„Njingkiraken oetawi nebihaken samoebarang ingkang saged mitoe- nani dateng raos adi pèni” ladjeng dados: „Mapanakan wonten ing- panggénan ingkang resik, adedasar sedy, ngindakaken sarta njampoer- nakaken raos adi pèni”

Ing ngriki ingkang perloe karembag ladjeng sadaja ingkang wonten toewin pinanggih ing gegebenganing moerid wonten ing pamoelangan, inggih poenika: a. grija pamoelangan pi- jambak sapakaranganipoen. b. para moerid. c. sarananing piwoelang d. goeroe.

a. Grija pamoelangan sapakaranganipoen. Pangrembag koela prakawis poenika boten badé kepanjang-pandjang, djalaran ratjakipoen saben dinten temtoe dipoensaponi satje- kapipoen. Inggih perloe dipoen- èngèt-èngèt inggih poenika, manawi wonten poenapa-poenapa ingkang risak oetawi kirang leres: katjaning tjendéla petjah, (kénging bal), gam- bar (kaart I.S.S.) mèntjèng, mangsi woetah ing djobin, I.S.P. kedah énggal-énggal dipoenleresaken oetawi dipoen-resiki. Sampoen ngantos témboking pamoelangan dipoenserati oetawi dipoen - gambiri mawi areng, kagarèt-garèt mawi wilah, grip, oetawi tjengkolan tjendéla lan sapa- noenggilanipoen. Djalaran poenika waoe sadaja tjengkah lan sarana A. oetawi sarana negatief.

b. Para moerid.

Resik saha pèning klas, poenika dados bebahan toewin tanggoengan- ipoen moerid sadaja. Prakawis poe- nika radi kepara angèl toemindak- ipoen, djalaran para moerid ratjak- ipoen, sami gadah pemanahan: „Moeng nèng sekolah baé kok, doedoe omahkoe (enggonkoe)”, pra- mila kedah dipoendjagi poenapa- déné dipoenkoelinakaken ingkang sajektos.

Kanggé mitoeloengi moerid, ang- gampilaken anggènipoen andjagi resik saha pèning klas, ing san- gadjenging kori kasedijanaan kèsèd satjekapipoen; sapoe kanggé nja- poni klas, soelak lan lap blabag ingkang prajogi. Sasaged-saged ing salebeting klas kasedijanaana téng- gok pamboetjalan reregèd. (soewèkan delantjang I.S.P.), soepados pam- boetjalanipoen reregèd dateng pa- pan ingkang kiwa saged gampil toer nglempak.

Ing mangsa rendeng manawi margi-margi pinoedjoe djeblog, pra- jogi kasidijanaana djembangan isi toja perloe kanggé wisoeh. Soekoer jèn ing pamoelangan ngrikoe sam- poen wonten soemoer oetawi kra- nipoen toja leiding.

c. Pirantosing piwoe- lang (leermiddelen).

Pandjaginipoen sadaja pirantos- ing piwoelang oegi kedah ingkang permati. Blabag panjeratan sampoen ngantos katingal reged, langkoeng- langkoeng jèn pinoedjoe wonten seratanipoen. Dados ingriki perloe sanget jèn ki goeroe saged njerat ing blabag ingkang saé lan ngresepakan. Lemantoen waduh boekoeb- boekoe lan pirantos sanèsipoen sampoen ngantos namoeng saé ing djawi kémawon, pranatanipoen bar- rang-barang ingkang kasimpen ing sanglebetipoen oegi kedah ingkang saé. Médja panjerataning goeroe kedah tansah katingal resik lan pèni, sampoen ngantos wonten seratan- ipoen mawi kapoe, soewékan dlanjtang soemèlèn oetawi jèn pedjah l.s.s., makaten oegi médja oetawi bangkoenipoen para moerid. Boten wonten awonipoen malah prajogi sanget, jèn para moerid sami kakoelinakaken ambekta wang- soel sadaja pirantosing piwoelang ingkang mentas kanggé. Ki goeroe paring pamrajogi amrih saéning panatanipoen.

Pirantos -pirantos ingkang katje- pengakan ing moerid, poenika ragi angèl pandjaginipoen soepados tan- sah resik. Éwasamanten oegi boten nama nglengkara. Oeger goe- roe taberi ngémoetaken, saselot-se- lotipoen inggih toemindak. Jèn sa- makipoen reged kapoerih énggala anggantos. Sampoen nglilani dateng moerid, mbikaki boekoenipoen mawi idoe; langkoeng - langkoeng jèn tan- ganipoen reged, mentas kanggé dolanan l.s.s. Djalara tetéla bilih ingkang kados makaten poenika gampil andadosaken regeding boe- koe.

B. Sarana positif. Kadjawi ingkang sampoen katja- koep ing nginggil, inggih poenika bilih srana negatif saged dados srana positif, perloe karembag oegi, srana positif sanèsipoen, inggih poenika doemoenoe ngenteng ing ngrengga oetawi madjang. Déné ingkang perloe dipoengrengga, grija pamoelangan, 2 kamarang pamoelangan, 3 pakarangan, 4 moe- rid, 5 goeroe.

Pangrenganipoen kados - poendi, kados para maos, sampoen boten kakilapan. Éwasamanten manawi para sadèrèk angalih perloe, kados boten wonten awonipoen saeopami ing ngriki oegi karembaga tjekak aos.

Aksamanta TJODÉ MAJA.

SAKING PAKEMPALAN.

K. W. ING KALASAN.

Nalika 30 April 1929 para sadèrèk Djawi Katoelik ngwontenaken pe- panggihan perloe ngedegaken K. W. Ing nalika poenika oegi pakempalan K. W. madeg; ingkang kapilih pan- grèh.

Sdr. Hardjawijata pangarsa. Sdr. Dwidjasepoetra hardana. Sdr. Soedira panitra ngiras Cor- respondent. Sdr. Parjana djoeroe noepiksa. Sdr. Kertapajita djoeroe noepiksa. Déné warga Jimrah wonten 21. Salebeting 4 woelan poenika K.W. ing Kalasan sampoen ngwontenaken parepatan kaping 2. Parepatan warga ingkang mentas doemawah ing dinten minggoe 8 - 9 - '29. Agenda ingkang perloe pijambak inggih poenika bab Desember lan Van Lith Stichting. Béndjing woelan December nga- djeng K. W. badé ramé - ramé pista toewin ringgitan poerwa, perloe mèn- geti wijosan Goesti Jésoes toewin ngraketaken pasedèrèkan, poenapa malih mbibingah para moerid Stan- daard. Dalangipoen badé njobi ta- taran saking „Habiranda.“ Sadèrèk ingkang sampoen mlebet Van Lith Stichting wonten sadèrèk 13. Kalasan 13 - 9 - '29.

F. S.

KERAMÉAN.

GABROE - WLINGI 31 AUG. '29.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 31.

Wonten ing margi laré tansah soerak - soerak kalijan ngomboel- aken bendéra jasan saking mori abrit petak biro; wangsoelipoen mangalèr doemoegi Sanggrahan, wangsoel doemoegi pamoelangan malih. ± djam 12 1/2, wonten ngri- keo laré pista radja andrawina neda lan ngombé, djinagènan roti lan setroep tirah - tirah, ngantos sami ambledoe wetengipoen. Wonten ing Kemantren para goeroe lan moe- rid inggih tansah manggih seneng, djer katah sanget ingkang sami ni- ngali, langkoeng seneng malih sareng sami pinaringan wédang lan nja- mikan sapanatesipoen. Keraméjan wonten pamoelangan klampahan sa- dinten moepoet wiwit éndjing doe- moegi sonten tansah kebak tjang ningali oengeling gangsa, barangan, tètèk melèk sapanoenggilanipoen,

kala-kala sinelan soerak lan djoe- gèding laré ingkang loetjoe-loetjoe binaroeng ing keplokng laré saka- langkoeng angoemoedjengaken.

Ragad-ragad pisehag laré ing Ke- mantren kasanggi pandjenenganipoen pijambak, mila koela goeroe saka- langkoeng gening panoewoen da- teng oermatipoen kangmas Mantri politie ing Ngadirengga sagarwa abdinipoen, déné kelangkoeng an- gènipoen amerlokaken.

Ragad keraméjan ing pamoelangan sadaja gandjaran saking padoeka toewan Administrateur ing Gabroe, ingkang sasat tanpa pétag katah- ipoen, kirang kantoen njoewoen.

Padoeka toewan Administrateur wiwit adeging pamoelangan saéngga sapriki, paringipoen dana oetawi réka amrih katahing moerid tansah loemintoe warni - warni manéka-war- ni: „Bal-balan, bandoelan, ringen, geritan, korfbal, op en neer; sabèn éndjing laré-laré ing perceel kairid dateng pamoelangan mawi serat ab- sentielijst damelan goeroe, laré se- kolah ingkang kesèd katoendoeng késh oetawi tjang sepoehipoen ka- potong, bajariipoen; manawi school- wandeling saben laré ambekta ben- déra Walandi garan kaèmper toem- bak saé, tjang-tjjang sepoeh ingkang sampoen poeroen njadong piwoelang lan nglampahi katoemèn katoeng- gilaken dados sadjèdèran, soepados tebih ing panggoda.“ Kedjawi laré perceel, ingkang sekolah laré doe- soen tjang pangénan ingkang tjek- lak; laré doesoen lan laré perceel waoe wiwit oemoer pitoeng taenan minggah .sampoen seneng jatra, awit ing kebon perceel katah jatraniipoen, kantoen mendeti sadinten kadamel ratjak laré setoenggal ± angsal f 0,25; andjogipoen jatra namoeng dateng kasenangan, andadosaken kesèding laré.

Koela pamong siswa saklangkoeng matoer séwoe noewoen dateng pa- doeka toewan Administrateur, ing- kang tansah paring pitoeloengan amrih katahing moerid, saha koela inggih badé nglampahi dawoehipoen, soepados sedy a ingkang saé waoe dados renaning Pangéran, biner- kahan dados soeboer. Sampoen amoeng poenika atoer koela.

Pamong siswa Gabroe, M. S. Bratsoedirdjo.

OERAP-SARI.

KABAR KATOLIK.

Grija sakit „Onder de Bogen.“

Kala Setoe tanggal 14 September, grija sakit Katolik „Onder de Bogen“ ing Ngajogjakarta, di- poenbikak officiele, kadjoemenengan: Toean Goepernoer Jasper, ngarsa dalem Kangdjeng Soeltan, P.A.A. Pakoe Alam, Pastoe Superior, (lan ngoelama - ngoelama sanèsipoen), prijantoe B.B., toewan-toewan ad- ministrateurs saking pinten - pinten onderneming, dokter-dokter lss.

Sesorah - sesorah ingkang koela pèngeti namoeng sesorahipoen Ir. Schmutzer kalijan toewan Goep-ernoer Jasper.

Babad adegipoen „Onder de Bogen“ (sesorahipoen pangarsa „Onder de Bogen“ toewan Ir. Schmutzer).

(...) Wiwitiipoen wonten sedy a kentjeng soepados ing Djokja badé ngawontenaken grija sakit ingkang kapangagengan Zusters Katholiek, poenika sampoen kala Februari 1920. Pangarsa K.S.B. toewan J. van Roozendaal kala samanten ladjeng kintoen serat dateng „Vorstenland- sche Landhuuders Vereeniging“ ingkang saladjengipoen ing woelan Mei taoen tjandakipoen kasambetan oesoel ingkang sampoen goematok. Oesoel poenika waoe badé anglijer kliniek ageng pijambak ing kita ngriki sarta badé kabijantoe arta déning V.L.V., poenapa déné di- poensaroejoe ki telijang Ngajogja katanda anggènipoen badé amoed- joedi sapinten betahing arta.

Ladjeng..... salebetipoen taoen 1927, sedy a ngawontenaken grija sakit kapangagengan Zusters Katolik waoe, timboel malih. Mandar sedy a poenika toewoeh saking Suikersyn- dicaat afdeeling Ngajogja, kanggé njoedijani poenggawa - poenggawa bangsa Éropah.

Ing taoen 1926 wonten babadan ingkang tinanggenah njinaoe rembag grija sakit poenika. Panitya waoe warganipoen wonten tiga. Sasam- poenipoen parepatan sawatawis rambahan, commissie anggadhahi pa- manggih: manoe koepija ingkang sampoen-sampoen ing tanah Djawi poenika wontening grija sakit neu- traal mesti mawi wragad katah, mila langkoeng prajogi ngawonten- aken grija sakit ingkang adedasar Agama.

Saking golongan Katolik ladjeng kaembat malih poenapa saged an- gadahi katijasan ngawontenaken grija sakit waoe.... sarta kapang- gihipoen inggih saged. Kala taoen 1920 poenika wo- roenging sedy a ingkang bakoe margi

boten pikantoe Zusters. Nanging sareng taoen 1926 katawis manawi sampoen doemawah kala mangsa ingkang prajogi, margi kala samant- en pangagengipoen Zusters Carolus Barromeus angleresi tindak rawoeh ing tanah Djawi, mangka sasam- poenipoen gagajoehan waoe kaatoer- aken, pangangeng Zusters poenika anjagahi badé ambijantoe ing sasa- ged-sagedipoen sageda pikantoe Zusters anjekapi.

Kala samanten ladjeng sampoen saged atjetjawis adeding grija sakit, sarta nalika tanggal 22 Februari 1927 sampoen saged ngawontenaken ja- jasan kanamakaken „Onder de Bogen.“ Pangrèhing jajan waoe pa- njamboet damelipoen sakalangkoeng tjepet, ngantos salebetipoen kalih woelan kémawon sampoen saged noembas siti ingkang tjalon kanggé perloe. Saladjengipoen amatah Alg. Indisch Architectenbureau ing Beta- wi kapoerih damel rèngrengan. Ing tengah-tengahaning woelan April arta sampoen saged ngalempak, Zusters badé dateng, siti sampoen katoembas, rèngrengan tjalon wa- ngoening grija sampoen wonten,

tjekak grija sakit Katolik kaedegaken.

Tata raking grija sakit. Toewan Ir. Schmutzer ngladjeng- aken sesorahipoen..... Amrih saéning rarakitaning sageda atjèngkok gagrag énggal, toewan Schmutzer andatengi grija - grija sakit Éropah ingkang ageng - ageng ing tanah Djawi, lan inggih pikantoe pitoeloenganipoen direktoe - direktoe- ring grija sakit anedahaken awon saéning rarakitaning hospitalipoen. Margi poenika, pandjenenganipoen pikantoe gagaran - gagaran kanggé mangoen tjalon wangoening grija sakit. Antjer - antjer poenika waoe ladjeng kapasrahaken A.I.A. ing Betawi.

Prakawis ingkang bakoe: sadaja paviljoen kaadepaken mangétan, mangilèn, perloenipoen hawa ing ka- mar - kamar ngriko lestatoena asrep (koel). Sabèn kamar dipoenseokani èmpèr pijambak.

Grija sakit Onder de Bogen poe- nika sapoenikanipoen saweg awoed- joed: ingangsgebouw, paviljoen kanggé tjang sakit tjatjahipoen gangsal, grija operatie, grija kanggé gadah anak, papan ngoembahi mawi electriesch, lan Röntgen poenapa- déné bestralingsgebouw (papan kanggé nrawang sakitipoen tjang t. b. c.).

Wekdal sapoenika paviljoen gang- sal waoe ingkang kanggé tjang sa- kit saweg tiga kénging dipoeneng- gèni tjang sakit 30, ingkang nem gratis. Paviljoen ingkang kalih poe- nika temenipoen kanggé tetijang sa- kit ingkang boten (patos) gadah, nanging wekdal sapoenika dipoen- anggé dalem Kasoesteran roemijin. Grija paviljoen kalih ingkang sa- poenika dipoendalami Zusters 12, poenika kasadjakaken kanggé tjang 32, ingkang nempelas ambajar sa- ngandaping mesti, ingkang nembe- las lalahapan.

Pandameling grija-grija dipoense- saé ing sasaged-sagedipoen lang- koeng-langkoeng papan kanggé am- bedèl (operatiegebouwen). Pandame- ling-operatiegebouw poenika mawi kasamantakaken roemijin dateng Dr. Deggeler Inspecteur babagan grija sakit.....

Atoer panoewoenipoen Ir. Schmut- zer.

Bakda andjalèntèrhaken prakawis- prakawis ing nginggil, Ir. Schmutzer ngatoeraken gening panoewoen da- teng: prijantoe - prijantoe ingkang réréntjeng adeding grija sakit, i. p.

a. dateng Directoe Justitie ing- kang mitoeloengi sagedipoen pikan- toek bagéjan lotré; b. dateng pan- djenenganipoen toewan Goepernoer Jasper; c. dateng Mgr. A. van Velsen toewin Pastoe Superior; d. dateng Dr. Deggeler toewin dok- ter-dokter sanèsipoen; e. dateng sa- daja ambtenaar ingkang toemoet ka- ngélan sagedipoen pikantoe siti; f. dateng toewan Bergman Semarang ingkang soeka pitoeloengan kapoek saé sanget ingkang boten kasadé wonten padagangan ngriki; g. da- teng Nilmy; h. dateng toewan An- dreas Gondanglijoera ingkang ka- ngélan ngantos saged toembas siti; dateng toewan: Verstraten ingkang mitoeloengi bekakas - bekakas tosan kalebet oegi ingkang kanggé kamar operatie. i. dateng kantja bestuur toewan Duyzings (sapoenika won- ten Semarang), pastoe Sterneberg (sapoenika wonten Betawi), kalijan Mr. Versteegh ingkang sampoen swargi.

Wasana, Ir. Schmutzer amoemoed- ji soepados pakarjanipoen Moeder Gaudentia dalah Zusters-ipoen sa- gèda pikantoe barkahing Pangéran.

Goepernoer Jasper medar sabda. Bakda toewan Schmutzer, padoe- ka toewan Goepernoer Jasper me- dar sabda; Pandjenenganipoen ngan- dikakaken renaning panggalihipoen déné sadèrèngipoen djengkar saking Ngajogyakarta taksih saged meningi

Béndjing tanggal 21 September 1929 poenika, kaleres tigangatoes taoenipoen sédanipoen Goepernoer Djéndral Moerdjangkoeng!

Kaseboet ing dalem babad, mi- josipoen Djéndral Moerdjangkoeng waoe kala tanggal 5 Djanoewari 1587, wonten ing Hoorn. Ramani- poen asma Pieter Willem van Twisk, ingkang ing béndjing ladjeng san- toen asma Coen!

Taen 1601 - 1607, toewan Coen njamboet damel wonten kantor Jus- tus Pescatore van Oudenairde ing Roem. Taen 1607 waoe pandje- nenanganipoen dateng Indija, mawi baita Nieuw Hoorn, wangsoel- ipoen doemoegi tanah Walandi kala tanggal 19 Maart 1611.

Nalika dateng Indonesia ingkang sapisanan, J. Ptz. Coen taksih apang- kat onderkoopman. Nanging wonten Indonesia katah lalabetanipoen. Mila sareng ngangkat wangsoel dateng Indija malih, i. p. kala tanggal 12 Mei 1612, pandjenenganipoen la- djeng winisoeda dados opperkoop- man, toer taksih mangagengi baita kalih. (bevelhebber). Tanggal 9 Fe- bruari 1613 Coen doemoegi Banten. Boten let dangoe, dateng Malakah, ngantos tanggal 3 Agoestoos 1613; tanggal 14 - 29 September 1613, wonten Gresik.

Kala samanten Coen kaangkat déning G. G. Pieter Both dados boekhoudergeneraalipoen kantor- kantor, poenapadéné dados direk- toering sadaja kantoripoen Oost Indische Compagnie ing Banten toewin Djakarta. Déné blandjani- poen: f 150 ing dalem sawoelan...

Sakèndelipoen Djéndral Both, ing- kang anggentosi G. G. Reynst. Kala samanten Coen minggah pangkat da- dos directeur-generaalipoen sadaja kantor O.I.C. ing Indonesia, ngrang- kep dados pangagenging kantor- kantor ing Banten toewin Djakarta. Bajariipoen mindak dados f 400 sawoelan.....

Wasana tanggal 25 October 1617, Coen winisoeda Heeren XVII dados Goepernoer Djéndral.

Nalika Coen dados G. G., katah sanget lalabetanipoen, kadosta: ngre- bat Djakarta, ngedegaken lan an- djembaraken kita Betawi, nelokaken Banda, lss.

Margi makaten waoe boten maiben déné nalika wangsoel dateng Nede- rland (2 Februari 1623), sanget kinèrangan sarta dados pangaleman- ipoen Heeren XVII; ngantos pikantoe tanda pangèngè - èngèt awarni ranté masamedalinipoen pe- ngaos f 2000. Kadjawi poenika taksih pikantoe tamèng pangaos f 400.

Wiwit November 1614 doemoegi September 1623, goenggoeng kem- palipoen toewan Coen pikantoe pamedal langkoeng saking f 100.000, margi anggènipoen dados directeur generaal, G. G., damel kita Betawi, nelokaken Banda lss.

Saladjengipoen, ... kala tanggal 30 September 1627, Coen dados G. G. malih wonten Indonesia, ... Malem tanggal 21 September 1629,

Goepernoer Djéndral Coen séda wonten Betawi.....

Makaten prijantoe ringkesan ba- badipoen Jan Pieterszoon Coen!

Toewan Moerdjangkoeng pantjèn kénging kawastanan ingkang abeba- dé babad wana wonten tanah kita! Jan Pieterszoon Coen ingkang am- boeka kamoeljanipoen nagari Wa- landi! Djéndral Coen inggih kénging dipoenwastani ingkang njoekani banda tanah djadjahan dateng Ne- derland!

Mila sanadyan sédanipoen sam- poen 300 taoen, koemaranipoen tak- siah gesang doemoegi sapoenika lan doemoegi ing béndjing pisan! Te- gesipoen: asma lestanton gesang; retjanipoen andjenggarang nge- ngerjaken kita Betawi!

* * * * * Manawi lalampahanipoen J. Ptz. Coen poenika kita manah lebet, kita ladjeng anggadhahi koepija:

a. Minggahing daradjad, kedah mawi linambaran: pangoedi, djoedjoer ing manah, toememen, setya, bo- ten wegah rekaos, kentjeng ka- repipoen! Mokal manawi sepen prakawis-prakawis poenika poen onderkoopman saged dados Ing- kang Witjaksana Goep. Djéndral. Pintera dipoenkados saged an- djaring angin, nanging manawi kontjatan wawaton waoe, inggih badé woeroeng dandosani!

b. Tjjang ingkang badé andjoen- djoeng daradjad bangsa toewin tanahipoen, kedah boten adrih rekaos, boten am- boedjeng betahipoen pi- jambak!

Kala djaman samanten, prijan- toen!, kékésahan ngambah segan- ten, saèstoe taksih rekaos toer amebajani sanget! Baita - baita boten kados sapoenika. Kapinte- ranipoen tjang dateng oebeting lejlajaran inggih boten kados dja- man samangké! Djaman samanten, noempak baita ngambah saganten poenika saminipoen toh njawa! Mangka, ... saking Nederland dateng Indija!

Éwasamanten, Jan Pieterszoon Coen boten adrij; boten wegah! Wohipoen: pandjenengan saged ambatang pijambak!

c. J. Ptz. Coen .. tjjang satoeng- gal, .. saged soeka kamoeljan sa- manten agengipoen dateng bangsa lan tanahipoen! Prakawis poenika dados katja benggala!

Goepernoer Djéndral Pieter Both anggènipoen ngalem Coen: „wong nom loeroes atiné, diwedèni, betjik boeboedèné, ora demen memem, ora pambegan, toer sarwa tjoeat mrantasi!“

Poenapa sadaja panoentoe ing Indonesijah ngriki sami kadoenoen- gan wawatekan makaten poenika?? Tegesipoen: poenapa sami anggèni laksita darma?? Poenapa sami loe- roes ndjawi-nglebetipoen????

Prakawis poenika koela soemang- gakaken para maos! Pandan Wangi: 14 September. Taklim: PATJAR MERAH.

CORRESPONDENTIE.

Sadèrèk ingkang toembas lot Ngidjon lantaran Sw. Tm. no- meripoen sampoen koela tjoe- tjogaken boten wonten ingkang tjotjog, dados boten wonten ingkang angsal.

Sad. Endrasoenoe. Manga- djab sih, Whan - Dhoe, Soera- pati, dipoensrantosaken. Sad. Kresnamidjaja, boten perloe kapatjak, sebab karembag sam- poen tjekap.

Lantaran penningmeester K. W. Semarang kita sampoen kampi arta lengganan kanggé kwartaal III katah ipoen f 30,875. Kita matoer noewoen.

badaning gagajoehan pandjenengan ... Wasana padoeka toewan Goe- pernoer maringi pangèstoe dateng para Zusters sageda djinangkoeng ing Pangéran, bagas saras basoe ki ingkang pinanggih.....

Makaten prijantoe kirang-lang- koeng sesorahing prijantoe kekalih waoe..... Wasana, grija sakit ka- bikak déning garwanipoen Goep-ernoer Jasper: „samangké grija sakit koela bikak!“ .. pita soetra ing- kang kanggé njingget kori kanggé loemebet ladjeng kagoenting del, wasana tamoe-tamoe kairid mlebet.

Ing ngriki taksih wonten ingkang pantes katjatet i. p. pandjenengan- ipoen Moeder pikantoe tanda pa- ngèngè - èngèt saking para Katolik Ngajogjakarta awoedjoed harmo- niun ingkang tjalon dateng saking nagari Walandi.

Swara-Tama toemoet moemoedji moegi Onder de Bogen saged wi- dada adamel renaning panggalih Da- lem Hyang Paneboes.

Ping 10-9-'29

Koela kaparingan
momongan istri
nama

Rr. ANCELLA
MOERRINI
sarta wilodjeng.

B. MARGANA.
Bogor.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN
SAÉ TOEWIN AWÈT
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON }
DUNLOP } RIJWIELEN
R. I. W. }

Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA

mémang tiada maoe pakai per-
tjoema, melainkan boeat djaga
keséhatan. Tetapi kalau tiada te-
rima obat jang selamanja baroe
dan paling baik, lebih pintar
Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

MALIOBORO

Obat-obat keloearan roemah² obat
soedah terkenal berapa banjak
poeloehan tahoen dan bisa dapat
beli dimana-mana tempat. Kalau
dapat beli tjap

MALIOBORO

DJOKJA

tanggong beli jang paling baik.
Djaga tjap „RATHKAMP”
dan „ERCEE”

DJOKJA

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

ALGEMEENE BIJEENKOMST.

Saudara-saudara katholik diseleroeh paré-
sidénan Banjoemas! (oud stijl). Bésok pada
tanggal 6 October 1929 di Klampok akan dia-
dakan algemeene bijeenkomst oentoek meraja-
kan 50 tahoenja Paus kita Pius XI sebagai Imam.

Ketjoeali dari itoe didalam bijeenkomst itoe,
akan diroendingkan djoega hal-hal jang pen-
ting-penting.

Harap dengan sangat, hendaklah saudara-
saudara memerloekan datang pada tanggal ter-
seboet diroemahnja saudara B. Hardjasoekanta.

Banjoemas 14 Sept. '29

P. S. Atmosoedarma.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang

moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN

LUXE- en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELLEN

KINDERWAGENS - SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75

GASOLINE - LAMPEN f 12,50

R. I. P.

Ngatoeri priksa, nalika dinten Ngahad Legi ping 15 Sept.
'29 wantji djam 5 sonten Pak Gedé Johannes Parta-
taroena tilar donja. Sarta sampoen nampi Sakramèn
Lisah Soetji. Kadjawi poenika koela sadaja anak poe-
toenipoen sami matoer noewoen dateng:

1. Padoeka Rama Rector v. Baal, ingkang sampoen kersa njaosaken koerban Mis Soetji kanggé Pak Gedé toewin para sadèrèk.
2. Rama Pastoor Lucas, ingkang sampoen kersa paring Sakramèn sadajanipoen.
3. Dateng para prijantoen sarta sadèrèk sanèsipoen, ingkang sami kersa paring pakoermatan toewin pitoe-
loengan bae soekoe, nalika adjalipoen Pak Gedé Partataroena.

Wasana koela sadaja njenjoewoen moegi para sadèrèk
kersa paring oeroenan sembahjangan, Pak Gedé ing-
kang sampoen tilar donja, soemrambah dateng anak
poetoe ingkang taksih sami kantoen.

Koela brajat Djagalan Moentilan.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6.30 - 8.30	Lamah 5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾ 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang ⁵⁾ 7.	Pemalang ⁹⁾ 7.30	Kepandjèn 6 - 7 - 9.
Baqan Siapi-Api 7.30	Madioen 6 - 7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng 6 - 7.30 - 9.	Magelang 7 - 9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6 - 7 - 8.30
Benkoelen 7.30 - 9.	Makassar 6 - 7.30	Poerworedjo 7 - 8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6 - 7.15 - 8.30	Pontianak 7 - 8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6 - 8.	Manado 6 - 7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Djember 7.30	Medari ⁶⁾ 9.30 (mal.).	Sambas 6 - 8.30	Tegal 7.30 - 9.30
Djokja:	Meester Corn. 7.30	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7 - 9.	Mendoet 6 - 7.30	Sawah Loento 7 - 8.30	Tjilatjap ⁸⁾ 7.30
" " Jav. 6 - 8.	Modjokerto 6 - 8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6 - 8.
Kota Baroe 6 - 7.30	Moentilan 5 - 6 - 8.	Sedjiram 5.45 - 8.30	Tomohon 7 - 8 - 9.
Djombang ¹⁾ 7.30	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates ⁷⁾ 7.
Fort de Kock 7.30	Ngawi ⁷⁾ 7.30	Gedangan 7 - 9.	Weltevreden:
Gandjoeran ²⁾ 7.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	Bangkong 6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Gombong ³⁾ 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn ⁴⁾ 7.30	Pajakombo 7.30	Randoesari 7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30
Kediri 7.30	Palemboeng 7 - 9.	Singkawang 6.30 - 9.	Woloan 8.30
Klatèn 7.30	Pasoeroean ¹⁾ 7.30	Soekaboemi 6 - 7.30	

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

Poatoesanipoen lotré kanggé Grédja Ngidjon, nalika tanggal 15 Sept. 1929.

Trekkingslijst der loterij voor de kerk van Ngidjon op 15 Sept. 1929.

Lot No.:	angsal pris:	Lot No.:	angsal pris:
12	= 3	491	= 31
37	= 22	530	= 25
38	= 17	577	= 12
43	= 27	578	= 21
49	= 19	598	= 40
82	= 34	615	= 38
94	= 23	621	= 30
116	= 44	628	= 5
128	= 41	648	= 14
136	= 36	665	= 33
142	= 24	690	= 45
157	= 11	751	= 6
161	= 39	801	= 43
187	= 18	819	= 13
195	= 32	828	= 9
119	= 16	833	= 4
218	= 7	870	= 37
297	= 42	930	= 15
299	= 8	943	= 10
320	= 35	949	= 2
440	= 28	974	= 1
452	= 29	979	= 26
489	= 20		

Kabar oemoem Indonesia.

Sri Naréndra Sijem wonten Ngajogjakarta.

Correspondent Ngajogjakarta martosaken kados ing ngandap poenika:

Nalika dinten Setoe tanggal 7 September 1929 watawis ngadjeng-
aken djam satoenggal sijang Sri
Bagénda Nata ing Sijem, rawoeh
ing Ngajogja sakalijang ingkang pramès-
wari, toewin sapendèrèkipoen

sadaja, nitih montor saking Soera-
karta, mengagem petak, ndjoedjoeg
ing Grand-Hotel.

Ngarsa dalem ingkang Sinoewoen
Kangdjeng Soeltan mengagem Djén-
dral major, padoeka toewan Goe-
pernoer toewin Kangdjeng Goesti
Pangéran Adipati Arja Pakoe Alam,
sami mengagem tjemeng toewin sami
sekali ingkang garwa, metoekaken
wonten ing Grand-hotel.

Sasampoenipoen sami tjaoes bagé
wilodjeng ladjeng sami satata leng-
gah mawi ngendikan sawatawis,
noenten bibaran.

Dinten Minggoe éndjing Sri Na-
réndra Sijem mriksani patilasan
Tamansari toewin sapanoenggilani-
poen, déné sontenipoen tindak da-
teng Goepernoeran, daloenipoen wa-
tawis djam 9 tindak dateng Kraton,
mawi petoekan titijan dalem Kjai
Garoea-jeksa, kadèrèkaken pradjoerit
Kapalan, dipoenpengagangi
Luitenant van den Donker.

Ing oeroet mergi kiwa tengen,
tetijang ingkang sami ningali tanpa
wilangan katahipoen.

Sri Bagénda Nata ing Sijem an-
djoedjoeg ing Kemandoengan, toe-
moenten teroes mlebet ing Kraton,
kapetoekaken ingkang Sinoewoen
Kangdjeng Soeltan, padoeka toewan
Goepernoer Jasper toewin para tamoe
sanèsipoen ingkang sami dipoenolemi.

Sasampoenipoen satata lenggah
ladjeng sami ngoendjoek anggoer,
sakedap engkas ladjeng sinoegata
tetingalan kelangenan dalem Srimpi,
ingkang mligi kagladi ing sadèrèng-
ipoen minangka kanggé seghah
tamoe ingkang minoelja Ratoe ing
Sijem sak Sang pramèswari. Ingkang
minoelja ketngal angemataken sanget
dateng tetinggalan poenika, lan
katingal rena ing penggalih.

Watawis setengah kalih welas
daloe, ingkang minoelja Ratoe ing
Sijem kondoe, kaentapaken doe-
moegi ing Kemandoengan, swaraning
muziek angrangin, mawi lagoe tjara
Sijem.

Minangka angsoel-angsoel pepa-
ring Dalem bintang, ingkang Sinoe-
woen Kangdjeng Sultan anjaosi pi-
soesoeng awarni wakening adi pèni
pakirtjanipoen mawi kandelan djené
katoer Kangdjeng Radja, toewin ke-
pet djené katoer Sang Pramèswari.

Dinten Senèn éndjing ingkang
minoelja Radja ing Sijem kalijan
Sang Pramèswari tindak dateng
Koeta-Gedé, mriksani tentoonstelling
barang-barang dedamelan Djawi sa-
king tembagi, slaka, watjoetjal, pe-
njoe lsp. toewin katah anggénipoen
moendoet toembas.

Tamoe ingkang minoelja waoe
oegi tindak dateng pasaréjan Séna-
patèn poenapa malih ladjeng teroes
dateng pasaréjan Imogiri. Minggah-
ipoen Sang pramèswari miwah njo-
njah Jasper sami nitih tandoe,
wondéné sanèsipoen sami tindak
darat kémawon. Oendak-oendakan
ing Imogiri kawilang wonten 400
idji. Satelasipoen mriksa ngrikoe la-
djeng kondoe.

Sontenipoen watawis djam sate-
ngah sanga tamoe ingkang minoelja
tindak dateng Kraton malih perloe
dahar dine, toewin mriksani beksan
lawoeng Troenadjajan, ngantos djam
kalih welas daloe. Rerenggan ing
kraton sarwa saé, ingkang angdapi-
dapi poenika gambar gadjah petak
ingkang kadamel saking sekar.

Dinten Selasa éndjing djam 9
tamoe ingkang minoelja tindak da-
teng Kali-oerang kadèrèkaken pa-
doeka toewan Goepernoer kakoeng
poetri toewin prijantoen B. B. sa-
watawis.

Sarampoenging mriksani ingkang
perloe-perloe, ladjeng kondoe mam-

pir mriksani Prinses Juliana Oog-
lijders Gesticht, jasanipoen dr. Yap.
Sang minoelja Radja ing Sijem
sanget anggénipoen angemataken
barang jejasanipoen dr. Yap, toewin
moendoet priksa katah-katah, ing-
kang amratandani bilih pandjeneng-
anipoen oegi mangertos bab penjakit
mripat.

Sasampoenipoen mriksani kamar-
kamar ladjeng teroes mriksani Blind-
den-Instituut.

Barang dedamelanipoen saé-saé,
para woeta taksih sami nengah-ne-
ngahi njamboet damel kapotrèt-film.

Ngadjengaken kondoe ingkang
minoelja kapotrèt wonten papan ing-
kang wonten gambaripoen Gadjah
Petak.

Sontenipoen sang tamoe minoelja
tindak dateng Pakoalaman watawis
djam setengah sanga, anitih petoek-
an kagoengan dalem titihan karéta
kentjana, kadèrèkaken pradjoerit ka-
palan.

Wonten ing ngrikoe kapetoeka-
ken padoeka toewan Goeperneur,
Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati
Arja Pakoe Alam sami kakoeng poe-
tri. Watawis sakedap engkas sasam-
poenipoen satata lenggah lan ngoen-
djoek, toemoenten mriksani tetinggalan
ringgit tjang sinambi dahar oebeng-
an (makan djalan).

Watawis djam 12 daloe bibaran,
padoeka toewan Goepernoer ingkang
angatoeri kondoe.

Dinten Rebo éndjing tamoe ing-
kang minoelja tindak dateng Bara-
boedoer, mampir oegi mriksani tjandi
Mendoet, sijangipoen teroes daharan
ing hotèl Baraboedoer.

Dinten Kemis djam 9 éndjing tang-
gal 12 September 1929, ingkang mi-
noelja Kangdjeng Radja ing Sijem,
sampoen samekta wonten ing Grand-
hotel ingadep padoeka toewan Goe-
pernoer, ingkang sinoewoen Kang-

djeng Soeltan para "Bandara Pangé-
ran Adjoedan, Kangdjeng Goesti
Pangéran Adipati Arja Pakoe Alam,
toewan coemendan Militèr sadaja
sami kakoeng poetri.

Sasampoenipoen ngendikan sa-
watawis tamoe ingkang minoelja
ladjeng pamitan toemoenten nitih
montor, angadjengaken tindakipoen
dateng Kediri.

Kados déné ing sanès panggènan
ing Ngajodja oegi djawah bintang
Sijem. Ingkang tampi bintang: Ing-
kang Sinoewoen Kangdjeng Soeltan,
padoeka toewan Goepernoer Jasper,
Kangdjeng Goesti Pangéran Adipati
Arja Pakoe Alam, Luitenant van
den Donker, Bendara Pangéran Arja
Adisoerja, Bendara Pangéran Arja
Djakoesoema.

Toewan Stigter, Lobauchere (sami
pengagang hotel), toewan Koch lan
De Leeuw (comm. v. politie), toe-
wan Bakker, lan Kloosman (politie
opziener).

Padoeka njonjah Jasper, Kang-
djeng Ratoe Pakoe Alam, Kang-
djeng Ratoe Madoeretra, njonjah-
Resink lan njonjah Stigter, sami
angsal paringan peniti emas, ti-
nrètès ing inten ingkang amangoen
aksara minangka pengènet - ènet-
ipoen ingkang minoelja. Dr. Yap
angsal peparang jatra f 250 kanggé
jejasanipoen.

Toewan Th. G. J. Resink pikan-
toek wadah sigarèt saking pérak
mawi rerenggan tjemeng saking
email tjara Sijem.

Benoeman lid Raad Kaboepatèn Magelang.

Kita pikantok kabar bilih pan-
djenenganipoen R. J. Djaja Atmadja,
dokter R. Abdoelrahman, Kapitin
Tionghoa, sadaja manggèn ing
Moentilan, kabanoem dados warga
Raad Kaboepatèn.